



Kesyon Moun Poze Souvan

Lawoujòl se yon viris ki atrapan anpil ki bay lafyè ak bouton. Lawoujòl kapab lakoz lòt pwoblèm sante ki grav. Nenpòt moun ki pa pran vaksen kapab trape lawoujòl a nenpòt laj.

Kijan lawoujòl simaye?

Viris lawoujòl la viv nan flèm ki nan nen ak gòj yon moun ki enfekte. Lè moun sa a estène oswa touse, viris la gaye nan lè a epi moun aspire li. Viris la rete vivan ak atrapan nan lè a pandan jiska de (2) èdtan. Epitou, moun kapab trape lawoujòl lè yo manyen yon sifas ki genyen viris la sou li epi yo al manyen je, nen oswa bouch yo apresya.

Lawoujòl la atrapan anpil — si yon moun genyen li, 90% moun ki bòkote li ap genyen li tou si yo pa pran vaksen oswa yo pa gen pwoteksyon yon lòt manyè.

Kisa sentòm lawoujòl yo ye epi kilè yo kòmanse?

Premye sentòm lawoujòl yo se lafyè, ki kapab depase 104 degre Farenay (40 degre Sèlsiyis); tous; nen koule; ak je wouj k ap fè dlo. Twa (3) a senk (5) jou apre sentòm yo fin kòmanse, yon pil tach wouj ap parèt sou figi a epi yo ap simaye sou tout kò a.

Sentòm yo jeneralman kòmanse ant sèt (7) ak 14 jou apre kontak avèk viris la; men yo ka kòmanse jiska 21 jou apre kontak la.

Kilè yon moun ki gen lawoujòl kapab simaye li bay lòt moun?

Yon moun kapab simaye lawoujòl ant kat (4) jou anvan ak kat (4) jou apre li fin genyen premye bouton lawoujòl la.

Èske yon moun kapab trape lawoujòl plizyè fwa?

Non. Moun ki te genyen lawoujòl deja yo pa kapab trape li ankò.

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen kont lawoujòl?

Pi bon fason pou evite lawoujòl se pran vaksen. Nan peyi Etazini, yo fè vaksen kont lawoujòl la fè yon sèl avèk vaksen kont malmouton an ak woubewòl la. Vaksen sa a rele vaksen kont lawoujòl, malmouton ak woubewòl (measles, mumps and rubella, MMR). Vaksen MMR la san danje epi li efikas. De (2) dòz vaksen MMR efikas a anviwon 97% pou evite lawoujòl; yon (1) dòz efikas a anviwon 93%. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vaksen MMR la, ale nan lyen sa a [cdc.gov/measles](https://www.cdc.gov/measles).

Kilè moun ta dwe pran vaksen?

Nan peyi Etazini, yo bay premye dòz vaksen MMR la apre timoun nan fin gen yon (1) lane. Yo bay yon dezyèm dòz anvan timoun nan antre lekòl lè li gen ant 4 ak 6 lane. Nenpòt moun ki fèt apre ane 1956 ki pa t resevwa de (2) dòz nan yon vaksen ki genyen lawoujòl oswa ki pa fè yon tès san ki montre li gen pwoteksyon kont lawoujòl ta dwe resevwa de (2) dòz nan vaksen MMR la.

Tibebe ki genyen ant 6 mwa ak 11 mwa yo ta dwe resevwa yon dòz vaksen kont lawoujòl anplis pi bonè anvan yo kite peyi a. Timoun ki genyen 12 mwa e plis yo ta dwe resevwa de (2) dòz anvan yo vwayaje aletranje. Pale avèk pedyat pitit ou yo si w prevwa fè yon vwayaj pou w ka asire w pitit ou yo pwoteje.

Èske lawoujòl kapab bay lòt pwoblèm sante?

Wi. Lawoujòl kapab grav kay moun tout laj. Men, timoun ki gen mwens pase 5 lane yo (sitou tibebe yo), moun ki ansent yo ak moun ki gen sistèm defans ki fèb yo (pa egzanp akòz tretman kansè oswa VIH) gen plis chans pou yo gen konplikasyon akòz lawoujòl.

Anviwon 20% nan moun ki gen lawoujòl ki pa pran vaksen yo entènè lopital. Pami pwoblèm sante lawoujòl lakoz yo genyen dyare, enfeksyon nan zòrèy, nemoni ak ansefalit (anflamasyon sèvo). Nan kèk ka, lawoujòl kapab lakoz lanmò. Kay moun ki ansant yo, lawoujòl kapab lakoz foskouch, tranche anvan lè epi li kapab lakoz tibebe yo fèt piti anpil. Nan kèk ka ki ra, plizyè ane apre moun yo fin genyen lawoujòl, yo vin gen yon konplikasyon ki rele panansefalit esklewozant sibegi (subacute sclerosing panencephalitis, SSPE), ki se yon maladi sistèm nè santral ki lakoz lanmò.

Èske genyen tretman pou lawoujòl?

Pa genyen okenn medikaman espesifik pou lawoujòl, men genyen medikaman ki kapab redui kèk sentòm, tankou lafyèv. Moun ki genyen konplikasyon yo ka bezwen tretman espesifik pou pwoblèm sante yo a.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen menm oswa pitit mwen an kontak ak lawoujòl?

Rele pwofesyonèl swen sante w la lapoula. Pwofesyonèl swen sante w la kapab egzamine ou menm oswa pitit ou a epi li kapab siveye sentòm yo. Epiou, li kapab detèmine si ou menm oswa pitit ou a genyen pwoteksyon kont lawoujòl sou baz vaksen nou pran deja, laj oswa tès san nou.

- Moun ki pran de (2) dòz vaksen kont lawoujòl oswa ki gen pwoteksyon yon lòt manyè yo pa gen chans pou yo trape lawoujòl.
- Si ou menm oswa pitit ou a pa gen pwoteksyon, pwofesyonèl swen sante w la ka rekòmande yon vaksen MMR.
- Si ou menm oswa pitit ou a gen yon pi gwo risk pou gen konplikasyon, pwofesyonèl swen sante w la ka rekòmande w yon medikaman ki rele iminoglobilin.
- Lè ou pran vaksen nan espas twa (3) jou apre premye kontak la oswa lè ou pran iminoglobilin nan espas sis (6) jou apre premye kontak la, sa redui risk pou w trape lawoujòl epi li kapab redui sentòm yo si w trape li.
- Moun ki resevwa vaksen MMR yo apre yon kontak ak viris la pa ta dwe ale nan gadri, lekòl oswa travay. Yo ta dwe evite antre an kontak avèk lòt moun pandan 21 jou. Moun ki resevwa iminoglobilin yo ta dwe evite fè aktivite sa yo pandan 28 jou.

Ki kote mwen kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante oswa yon kote k ap bay vaksen?

Pou yo ede w jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele 844-692-4692 oswa rele **311**. Pifò pedyat yo bay vaksen MMR la. Pou w jwenn lòt kote k ap bay vaksen, rele **311**, ale nan lyen sa a nyc.gov/health/map, oswa ale nan lyen sa a nyc.gov/health epi chèche "[immunization clinics](https://nyc.gov/health/immunization-clinics)" (klinik vaksinasyon). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl, ale nan lyen sa a nyc.gov/health/measles.